

# Kòd Konduit



ORLANDO  
HEALTH®

# Tabdèmatyè

---

Mesaj Direktè Jeneral la.....	4
Angajman an.....	5
Fason Orlando Health lan.....	6
<b>Nou Pran Swen Pasyan Nou epi Nou Ba Yo Enpòtans</b>	
Trete Pasyan yo avèk Konpasyon e Diyite .....	7
Bay Bonjan Kalite Sèvis Swen Sante .....	7
Divèsite Pasyan.....	7
Avi Non-Diskriminasyon .....	8
Bay Tretman Ijans .....	9
Pwodui famasetik, Medikaman sou Preskripsyon, ak Sibstans Kontwole yo .....	9
Aktivite Rechèch.....	9
<b>Nou Bay Manm Ekip Nou yo Sipò</b>	
Pwogram Konfòmite ak Etik .....	10
Varyete nan Mendèv ak Rekritman.....	10
Rapòte Pwoblèm Konfòmite.....	11
Vanjans Entèdi.....	12
Konduit ak Entegrite nan Espas Travay .....	12
<b>Nou Pran Angajman pou Kominote Nou</b>	
Yon Òganizasyon Responsab ki pa la pou fè Pwofi.....	13
Aktivite Politik .....	13
Angajman kont Monopòl .....	14
Pwoteje Anviwònman Nou .....	14
<b>Nou Pwoteje Enfòmasyon Delika</b>	
Konfidansyalite Enfòmasyon sou Pasyan .....	15
Sekirite Enfòmasyon.....	15
Sekirite Entènèt.....	17
Rezo Sosyal .....	17
Afè Biblik e Relasyon ak Medya .....	17
Enfòmasyon sou Mamm Ekip ak Resous Imèn.....	17
Enfòmasyon Pwopriyetè .....	18
Pwopriyete Entelektyèl .....	18
Manda pou Fouye, Sitasyon, Enspeksyon ak Ankèt Gouvènman.....	18
Konsèvasyon Dosye .....	19
Kenbe ak Detwi Dosye.....	19

## Nou Apresye Pratik Komèsyal ki Dwat

Fwòd, Gaspiyaj ak Abi.....	20
Ankèt Entèn ak Demann Enfòmasyon .....	21
Konpòtman Kriminèl.....	21
Seleksyon Moun Ki Konsène.....	21
Relasyon Finansye .....	22
Rekonpans Dafè .....	22
Konkirian ak Founisè .....	22
Kontra ak Relasyon Komèsyal.....	23
Seleksyon Founisè ak Pwodui.....	23
Kado ak Koutwazi Dafè.....	23
Atelye, Seminè ak Seson Fòmasyon.....	24
Konfli Enterè.....	24

## Pwoteksyon Byen

Rapò Finansye .....	25
Itilizasyon Byen Konpayi an.....	25
Vwayaj ak Lwazi .....	25

Kontakte Liy Dirèk konfidansyèl  
pou Konfòmite a pou fè rapò nan  
fason anonim pou nenpòt  
enkyetid pou konfòmite:  
**(888) 464-6747**  
**OrlandoHealth.EthicsPoint.com**



# Mesaj Direktè Jeneral la

Chè Ekip Orlando Health,

Antanke yoUn nan prensipal sistèm swen sante ki nan Sidès la, Orlando Health pran angajman pou prezèv repitasyon nou kòm yon lidè ou ka fè konfyans ki aji aVèk entegrite e ki respekte prensip etik yo. Nou kwè nan trete yonn ak lòt avèk diyite e respè, ni pasyan ak fanmi nou sèvi yo tou.

Nan yon efò pou obeyi tout lwa, règleman gouvènman, akò avèk lòt pati deyò k ap fè peman, epi pwòp règleman ak pwosedi nou yo, nou kenbe anplas yon Pwogram Konfòmite ak Etik (Compliance and Ethics Program).

Kòd Konduit nou an se yon eleman enpòtan anpil nan Pwogram Konfòmite ak Etik nou an. Li ban nou okazyon pou kenbe konfòmite ak prensip etik yo nan bon plas. Kòd Konduit nou an kore misyon nou pa paske li konfime valè ak nòm pwofesyonèl ki egziste nan mitan Fanmi Orlando Health ... kalite, onètete ak entegrite.

Kòd Konduit la se yon gid pou ede chak nan nou fè bagay yo kòrèkteman. Tanpri, pran tan pou li ak abitye tèt ou avèk responsabilite sa yo. Si ou ta gen yon kesyon oswa enkyetid ki pa klè oswa ki pa abòde nan Kòd Konduit la, asire ou mande manadjè ou oswa ou kontakte Konfòmite ak Etik.

Mèsi pou devouman ou san rete nan Orlando Health.

Meyè salitasyon,

David Strong

Prezidan ak Direktè Jeneral  
Orlando Health

# Kòd Konduit nou an ak règleman antrepriz nou an ban nou enfòmasyon sou sa nou oblige fè (konfòmite) ak sa nou dwe fè (etik).

Valè nou yo distenge nou parapò ak lòt, epi nou chak dwe fè pati pa nou pou reyalize ak kenbe prensip sa yo. Menmsi Kòd Konduit la anplas pou bay konsèy jeneral, li pa abòde tout sitiyasyon. Li pral ede nou kòm gid pou pran desizyon ki respekte prensip etik ak legal yo atann de nou tout. Yo bay konsèy ki pi presi nan règleman ak pwosedi Orlando Health yo.

**Kòd Konduit sa a se yon pati enpòtan anpil nan Pwogram Konfòmite ak Etik nou an, epi prensip ki nan dokiman sa a aplike pou nou tout.**

## Nou pran angajman pou:

- Li Kòd Konduit la epi chèche konprann kijan li aplike pou nou.
- Al gade nan Kòd Konduit ak Règleman Orlando Health yo nan tout sitiyasyon.
- Poze kesyon epi fè rapò pwoblèm.
- Swiv fòmasyon anyèl obligatwa.
- Konfime angajman nou nan Kòd Konduit la.



Kòd Konduit la pa yon kontra travay, ni objektif li pa pou bay okenn dwa aklè oswa souzantandi pou kontinye travay. Konpòtman ki dezobeyi Kòd Konduit la pral lakòz yon ankèt ak posiblite mezi disiplinè, ki ka rive jouk nan revokasyon.

# Kisa Fason Orlando Health lan ye?

## An mo senp, se tout bagay nou fè ak fason nou fè yo.

Pou konprann kisa ki fè Orlando Health san parèy konsa, nou te fè rechèch avèk plizyè santèn pasyan ak manm ekip. Dapre rechèch la, nou te aprann ke sa ki distenje nou, sèke non sèlman nou pran swen pasyan nou yo, men nou sousye de yo tou.

Pran swen yo temwaye kapasite nou pou founi swen klinik yo bezwen yo. Nou pwofite de konpetans nou pou fè yo byen grasa meyè syans, teknoloji, travay dekip ak pwoesisis. Sousye de yo pale de entansyon nou yo – èske yo kwè nou gen meyè enterè yo nan tèt nou? Èske nou trete yo tankou moun, epi èske nou prezante tèt nou tankou moun? Pasyan yo di nou yo santi yo konsa lè nou fè twa bagay:

### Bay konfyans

- Pou retire laperèz, nou bay kliyan nou yo asirans ke "nou konprann", ak kouraj pou konte sou nou pou swen yo.
- Kreye yon kote an sekirite pou pataje santiman san krent jijman.
- #MwenRetireLaperèz.

### Angaje

- Devlope relasyon pou tout lavi ki baze sou konfyans pèsonèl ki pwolonje toutolon seri swen konplè yo.
- Koute avèk atansyon epi reflechi sou fason ou ta ka santi w si w ta nan sitiyasyon yo. Pa pèsyade, defann ni entèwopn. Se pou kirye, fè konvèssasyon, se pou ou reyèl.
- #MwenDevlopeRelasyon.

### Ini

- Ajî tankou yon sèl ekip ki sou menm liy ak objektif komen pou pran swen ak gen sousi pou chak moun nou rankontre.
- Selebre valè nou genyen an komen ak objektif komen ki ini nou nan yon sèl ekip.
- #YonSèlEkip.

## Fason Orlando Health lan



Adopte Kalite ak Sekirite



Merite Lwayote Doktè



Vin Meyè Kote pou Travay



Estimile Kwasans ak Inovasyon



Ranfòse Ekonomi



Sèvi Kliyan Nou yo Byen

Fason Orlando Health lan se sa nou deja ye nan meyè kapasite nou. Ou se Fason Orlando Health lan!

### Misyon Nou

Pou amelyore sante ak kalite lavi moun ak kominote nou sèvi yo.

### Vizyon Nou

Yon lidè ou ka fè konfyans, ki bay santiman lespwa grasa avansman lasante.

### Valè Nou yo

#### Moun

Nou pran angajman pou ekselans nan bay sèvis ak sipò pou pasyan nou yo, doktè nou yo, envite nou yo ak manm ekip parèy nou.

Nou pa pran swen moun sèlman, nou sousye de yo. Nou pral fè tout sa ki nan pouvwa nou pou asire yo trete tout moun avèk respè, diyite, jantiyès e konpassyon.

Nou pral koute kliyan nou yo epi koute youn lòt avèk anpil atansyon, san prejije epi avèk kè ouvè.

Nou pral pote yon chanjman pozitif nan lavi moun n ap sèvi yoe.

#### Kalite

Nou p ap janm fè konpwomi nan zafè kalite.

Nan tout sa nou fè, ekip nou an ap bay pi gwo kalite swen ak sèvis ki egziste.

Nou pral pran responsablité pou pwoteje tan, lajan ak resous yo.

Nou pral gen imajinasyon ak plizyè talan ann ekip nan solisyon nou yo.

#### Kominote

Nou fyè dèské nou sèvi moun nan kominote sa a.

Nou pa janm bliye ke nou se yon òganizasyon kominote a posedé.

Nou pral demontre, nan pawòl nou ak aksyon nou, pi gwo nivo ki ka egziste nan angajman anvè chak kominote nou sèvi.

## Trete Pasyan yo avèk Konpasyon e Diyite

Antanke òganizasyon ki pa la pou fè pwofi, Orlando Health pran angajman pou ekselans nan bay sèvis ak sipò pou pasyan nou yo, fanmi ak envite pasyan yo. Nou pral fè tout sa ki nan pouvwa nou pou asire yo trete tout moun avèk respè, diyite, jantiyès e konpasyon.

- Nou koute pasyan nou yo ak koute youn lòt avèk anpil atansyon, san prejje epi ak kè ouvè.
- Nou ede pasyan nou yo konprann epi sèvi ak dwa yo genyen, tankou dwa pou entimite; dwa pou yo pa sibi diskriminasyon; pran desizon sou swen sante yo apre yo resevwa enfòmasyon epi direktiv davans.
- Nou enfòme pasyan nou yo, epi lè yo bay pèmisyon pou sa, nou enfòme fanmi yo ak lòt moun osijè chwa ki genyen pou swen, tretman ak sèvis.
- Nou ede pasyan nou yo konprann asistans finansye ki disponib pou yo.

## Bay Bonjan Kalite Sèvis Swen Sante

**Nou p ap janm fè konpwomi nan zafè kalite. Nan tout sa nou fè, ekip nou an ap bay pi gwo kalite swen ak sèvis ki egziste.**

Nan Orlando Health, nou kwè kalite ak sekirite mache kòtakòt. Nou pran angajman pou founi yon anviwònman gerizon ki potekole ak swen bonjan kalite, ki anfavè sante ak sekirite, epi ki fè pasyan yo viv pi bon eksperyans ki posib.

Nou pran oserye angajman nou pou sekirite pasyan, paske nou swiv pi bon pratik ak metòd ki fè prèv yo, ki diminye domaj ni pou pasyan nou yo ni pou manm ekip nou yo.

Yo rekonèt Orlando Health a plizyè repriz pou ekselans nan kalite ak sekirite, yon bagay ki demontre angajman nou pran pou pi gwo nivo ki ka egziste nan swen ak sèvis. Pou fè sa, nou konpare sèvis ak kalite klinik nou avèk nòm nasyonal yo dekwa pou nou idantifye fason pou nou toujou amelyore kalite swen nou ofri yo. Nou pral kontinye gen imajinasyon ak plizyè talan ann ekip nan solisyon nou yo.

## Divèsite Pasyan

Antanke prensipal founisè swen sante, Orlando Health toujou kontinye fè efò pou mete sensibilizasyon sou divès kalite kilti ak divès kalite moun nan swen pasyan nou yo — sa ki pèmèt tout pasyan sanzesepson viv pi bon eksperyans ki posib. Sant Florid se kay yon popilasyon ki gen divès kalite kilti, ansanm ak vizitè tou ki soti toupatou nan lemonn, yon bagay ki parèt nan popilasyon pasyan nou genyen an. Depatman nou an pou Devlopman Biznis pou Divèsite ak pou Minorite yo se yon resous ki gen anpil valè pou bay swen ki bon sou plan kilti pou tout pasyan ak envite nou yo.

Nou pran angajman pou bay swen kalite siperyè pou tout moun nan kominate nou an.





## Avi Non-Diskriminasyon

### Li Kont Lalwa pou Fè Diskriminasyon

Orlando Health respekte lwa Federal sou dwa sivil aplikab yo, epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasional, sèks, laj, andikap, idantite jan oswa oryantasyon seksyèl.

Orlando Health pa rejte moun ni li pa trete yo yon lòt jan poutèt ras, koulè, orijin nasional, sèks, laj, andikap, idantite jan oswa oryantasyon seksyèl.

### Orlando Health

- Ofri èd ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap, pou yo ka kominke byen avèk nou, pa egzanp:
  - Entèprèt kalifye pou langaj siy
  - Enfòmasyon alekri nan lòt fòma yo (gwo karaktè, odyo, fòma elektwonik aksesib, lòt fòma yo)
- Ofri sèvis lang gratis pou moun lang natifnatal yo pa Anglè, pa egzanp:
  - Entèprèt kalifye
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si ou bezwen sèvis sa yo, kontakte nenpòt manm ekip oswa founisè swen sante nan etablisman Orlando Health oswa kabinè doktè kote ou pral resevwa sèvis, osinon rele Sèvis Aksè Lang Orlando Health nan **(321) 841-2522**. Pasyan ki sèvi ak lang siy yo, tanpri rele TTY **1(800) 955-8771** (Anglè), TTY **1(877) 955-8773** (Panyòl), oswa TTY **1(877) 955-8707** (Franse) pou w konekte ak enfimye oswa reprezantan kabinè doktè a pou fè yo konnen ou pral itilize sèvis entèprèt nou yo pandan vizit/randevou ou.

Si ou panse Orlando Health pa te ba ou sèvis sa yo oswa li te fè diskriminasyon nan yon lòt fason sou baz ras, koulè, orijin nasional, sèks, laj, andikap, idantite jan oswa oryantasyon seksyèl, ou gendwa fè yon doleyans bòkote kowòdonatè prensipal konfòmite a, Konfòmite ak Etik (Compliance and Ethics), nan kourye lapòs nan 1414 Kuhl Ave., MP 29, Orlando, FL 32806; nan telefòn nan **(321) 841-2335**; nan faks nan **(407) 246-7083**; oswa nan imèl nan R-Compliance&EthicsDepartment@OrlandoHealth.com.

Ou kapab pote yon plent pou dwa sivil tou ak mwayen elektwonik nan Biwo pou Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, nan Pòtay Biwo pou Dwa Sivil la gen sou Entènèt pou pote Plent, ki disponib nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa nanlèt pa lapòs osinon pa telefòn nan:

### U.S. Department of Health and Human Services

200 Independence Avenue, SW  
Room 509F, HHH Building  
Washington, D.C. 20201

**1(800) 368-1019, 1(800) 537-7697** (TDD)

Fòm pou pote plent yo disponib nan:

<http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>



Nou rapòte epi rezoud nepòt konpòtman inakseptab, move konduit oswa konfli.

## Aktivite Rechèch

Orlando Health respekte tout règleman onivo Eta ak federal konsènan dewoulman rechèch ak pwoteksyon rechèch sou moun.

### Nou pran angajman pou:

- Respekte règ rechèch sennesòf nan fason estrik.
- Respekte ak pwoteje dwa tout moun ak patisipan rechèch.
- Aplike bon valè etik, prensip syantifik, ak jijman.
- Respekte tout lwa ak règleman sou pwoteksyon enfòmasyon prive ak konfidansyalite.

## Bay Tretman Ijans

Nou respekte Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Travay la (Emergency Medical Treatment and Labor Act, EMTALA).

### Sa vle di:

- Nou bay swen medikal pou ijans epi (si sa nesesè) tretman pou fè eta tout pasyan estab, kèlkanswa kapasite yo pou yo peye.
- Nan yon sitiyasyon dijans, nou pran enfòmasyon finansye ak demografik sèlman apre nou fin reponn a bezwen medikal pasyan an.
- Nou pa konsidere kapasite pou peye kòm yon faktè pou deside si pou nou entène oswa egzeyate pasyan yo.
- Orlando Health transfere pasyan nan lòt etablisman lè nou pa ka satisfè bezwen medikal pasyan yo sèlman, epi se apre nou fin fè eta yo estab sèlman.

## Pwodui famasetik, Medikaman sou Preskripsyon, ak Sibstans Kontwole yo

Nou angaje konplètman nan manipilasyon san danje epi legal pou tout pwodui famasetik, medikaman sou preskripsyon, medikaman san preskripsyon ak sibstans kontwole yo.

**Si ou gen responsabilite pou yo, oswa ou gen aksè ak medikaman sou preskripsyon, sibstans kontwole, oswa medikaman san preskripsyon, ou dwe fè bagay sa ki annapre la yo:**

- Respekte tout lwa, règleman, politik, pwosedi ak estanda ki aplikab yo.
- Kenbe tout medikaman yo an sekirite.
- Rapòte imedyatman move manipilasyon medikaman oswa sibstans kontwole yo bay sipèvizè w oswa Depatman Konfòmite ak Etik.





# Nou Bay Manm Ekip Nou yo Sipò

## Pwogram Konfòmite ak Etik

Pwogram Konfòmite ak Etik nou an (Compliance and Ethics Program, CEP) egziste pou ede nou respekte lwa, règleman, politik ak pwosedi yo. Pwogram nan bay manm ekip ak lòt afilye yo sipò grasa edikasyon li bay sou egzijans sa yo pandan li rete yon resous pou konsilte ak entèprete règleman antrepriz la ak zafè konfòmite yo. Konfòmite ak Etik soutni CEP a paske li ede nou ranpli responsablite travay nou yo nan yon fason etik ak legal.

Konfòmite ak Etik vle di ekip Konfòmite Antrepriz, Verifikasyon Entèn ak Konfidansyalite Orlando Health, yo tout mete ansanm. Depatman an se yon trè bon resous pou nenpòt kesyon oswa enkyetid nou genyen sou responsablite etik nou yo.

Orlando Health pran angajman pou mennen aktivite biznis li nan respè totalkapital tout lwa, règleman, politik ak pwosedi ki aplike pou sa.

**Lè yo itilize mo "lwa, règleman, politik ak pwosedi yo", nan dokiman sa a, sa vle di:**

- Lwa ak règleman Federal, Eta ak lokal.
- Egzijans tankou Kondisyon Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid pou Patisipasyon (Centers for Medicare and Medicaid Services, CMS).
- Nòm pou rekonesans ofisyèl tankou sa The Joint Commission ak lòt antite akreditasyon yo egzije yo.
- Règleman ak pwosedi antrepriz Orlando Health.
- Kòd Konduit Orlando Health.
- Nenpòt lòt règ, règleman oswa egzijans ki ka genyen.

## Varyete nan Mendèv ak Rekritman

Kòm youn nan pi gwo anplwayè nan Sant Florid, nou rekonèt responsablite nou genyen pou kreye yon mendèv ki montre kominote n ap bay sèvis la. Soti nan rekritman ak anbochaj doktè ak manm ekip nou yo, jouk rive nan idantifikasiyon ak rekritman manm konsèy administrasyon nou an, Orlando Health ankouraje varyete grasa chwa rezistant ki pi kalifye e ki gen plis talan pou reponn a bezwen kominote nou an ki gen divès kalite kilti epi ki pa sispann grandi. Nou konnen lè nou koresponn deprè ak varyete ki gen nan kominote nou an, nou kapab pi byen konektyon fason ki efikas ak pasyan nou yo epi fanmi yo.



## Rapòte Pwoblèm Konfòmite

Orlando Health bay yon Liy Dirèk pou Konfòmite ki senp, konfidansyèl ak san risk pou ou fè rapò ak tout bòn fwa konsènan enkyetid ou yo. Se yon resous tou ki pèmèt ou chèche oryantasyon sou lwa, règleman, politik ak pwosedi yo, ak Kòd Konduit la. Pou fè rapò enkyetid ou gènyen, ou ka rele **(888) 464-6747** oswa vizite [OrlandoHealth.EthicsPoint.com](http://OrlandoHealth.EthicsPoint.com). Liy Dirèk pou Konfòmite a disponib 24 èdtan pa jou, sèt jou sou sèt, epi se yon antrepriz komunikasyon endepandan ki administre li pou asire rapò konfòmite yo serye e san patipri. Pa blyie, ou pa oblige bay non ou oswa adrès imèl ou. Yo pa anrejistre rapò ki fèt nan apèl ak sou Entènèt, epi konfidansyalite yo pwoteje nan pi gwo mezi ki posib nan limit lalwa pèmèt. Nou itilize Liy Dirèk la si nou gentan fin itilize lòt mwayen komunikasyon oswa si nou pa alèz pou devvrale idantite nou lè n ap fè rapò yon enkyetid. Gen sèten enkyetid ki ta dwe al jwenn Resous Imèn.

### Nou rapòte enkyetid ak movèz kondwit nou sispièk ki ta ka vyole lwa Eta oswa federal, politik Orlando Health oswa Kòd Konduit sa a.

Tout moun gen responsablite kenbe gwo prensip etik Orlando Health yo. Si nou vin konnen oswa nou sispièk yon sitiyasyon ki ta ka mete an danje entegrite etik òganizasyon nou an, nou gen obligasyon fè rapò sikostans yo.

#### Sa vle di nou:

- Fè rapò nenpòt aktivite sispièk ak tout bòn fwa.
- Bay enfòmasyon ki vre epi ki konplè.
- Kenbe zafè ki nan ankèt yo konfidansyèl, sòf si lalwa egzije li oswa pèmèt li nan yon lòt fason.


Devwa sa yo aplike pou nou tout, ankontan manm ekip, manm konsèy administrasyon, founisè swen sante, volontè, etidyan, doktè nan kominote a, reprezantan founisè, ak kontraktè endepandan pandan y ap fè travay yo nan Orlando Health oswa onon Orlando Health.

## Kontakte Konfòmite ak Etik, oswa itilize liy asistans konfidansyèl la si sitiyasyon an konsène:

- Vyolasyon enfòmasyon sou sante pwoteje
- Koripsyon ak lajan anba
- Anvayisman konfidansyalite
- Konfli enterè
- Vyolasyon Dwadotè
- Diskriminasyon oswa pratik diskriminatwa
- Faktirasyon avèk fwòd
- Fwòd, gaspiyaj ak abi
- Kado ki pa apwopriye
- Abi sou dwa pasyan yo
- Vyolasyon estanda pwofesyonèl yo
- Move konduit nan rechèch

## Kontakte Resous Imèn si sitiyasyon an konsène:

- Konfli enterè ki konsène demann, sa gen ladan vann pwodui
- Konfli ak kolèg travay
- Pwoblèm disiplinè
- Arasman/tretman enjis
- Konpòtman manm ekip ki pa apwopriye
- Kesyon sou pewòl ak avantaj sosyal



Se responsabilite chak manm ekip pou deklare vyolasyon ki posib yo touswit sou lwa, regleman, politik ak pwosedи yo.



Sèvi ak aparèy mobil ou pou eskane kòd QR lan pou ou jwenn aksè nan pòtay **Liy Dirèk pou Konfòmite a** sou Entènèt pou chèche konsèy oswa pou rapòte yon enkyetid.

## Pa gen fè Vanjans

Orlando Health rezoud rapò ki fèt ak tout bònfwwa nan yon fason diskòr ak pwofesyonèl. Nou pa tolere okenn kalite vanjans. Si ou santi ou te sibi vanjans akòz ou te fè rapò enkyetid ak tout bònfwwa, tanpri **Resouzimèn nan** oswa **Depatman Konfòmite ak Etik la**.

## Konduit ak Entegrite nan Espas Travay

Orlando Health pran angajman pou bay swen kalifye kalite siperyè nan yon anviwònman koutwazi, pwofesyonèl ak konfòrm. Nou pran angajman ankouraje yon atmosfè ki anfavè entegrite, onètete ak respè yonn pou lòt. Nou ankouraje ak favorize yon espas travay kote nou lib pou diskite sou nenpòt enkyetid nou ka genyen.

**Nou kenbe yon anviwònman travay pozitif ki kore valè ak politik nou yo. Sa vle di nou:**

- Yonn respekte lòt.
- Soutni ak obsèvè yon espas travay ki pa gen itilizasyon alkòl, dwòg ak tabak.
- Pa fè diskriminasyon nan possiblité pou jwenn travay oswa pratik sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, sèks, andikap, idantite jan, oryantasyon seksyèl oswa nenpòt lòt eta ki gen pwoteksyon lalwa.
- Pa tolere konpòtman entimidasyon, menas oswa arasman, tankou:
  - Kòmantè, blag derespektan, langaj denigran ak joure.
  - Avans seksyèl endezirab, tankou konduit vèbal oswa fizik ki gen yon aspè seksyèl ki jennen rannman yon moun nan travay li oswa ki kreye yon anviwònman travay ki fè moun pè, ki trè dezagreyab oswa ki derespektan.
  - Vyolans nan espas travay.

Si ou pa vle kontakte Liy Dirèk pou Konfòmite a, ou ka ekri nou nan:

**Orlando Health Compliance and Ethics**  
1414 Kuhl Ave., MP 29 | Orlando, FL 32806

Oswa voye yon imèl bay  
R-Compliance&EthicsDepartment@OrlandoHealth.com

# Nou Pran Angajman pou Kominote Nou

Orlando Health kenbe yon gwo tradisyon sèvis pou kominote a ak pouankouraje divès kalite kilti. Mete sou anpil sèvis nou bay yo, nou fyè de relasyon nou genyen ak òganizasyon nan Sant Florid yo ki fè reklam pou angajman nou anfavè divès kalite kilti ak pèmèt nou bay avantaj ki depase pwogram swen sante tradisyonèl yo, tankou kèmès sante, aktivite depistaj ak byennèt. Depatman Relasyon Kominotè Orlando Health la bay sipò pou pakèt divès afilyasyon kominotè sa yo ak pwogram sansibilizasyon yo.

## Yon Òganizasyon Responsab Prive, Ki Pa Pou Fè Pwofi

Orlando Health òganize ak fonksyone sèlman kòm yon òganizasyon prive ki pa pou fè pwofi pou li sèvi bezwen swen sante kominote a. Antanke òganizasyon byenfezans, Orlando Health Petersburg egzante nan Peman taks sou revni federal. Tout byen Orlando Health yo sèvi sèlman pou favorize aktivite charitab li yo. Okenn nan byen nou yo pa ka sèvi pou benefisyè yon moun ki nan yon pozisyon pou fè enfiyans sou antrepriz komèsyal Orlando Health. Nou pa pèmèt pou benefis nèt yo benefisyè moun nan òganizasyon ki gen enfòmasyon ki pa disponib pou lòt moun, ni nou pa patisipe nan okenn aktivite ki vin bay benefis finansye depase limit pou okenn moun prive.

### Antanke òganizasyon prive, ki pa pou fè pwofi, nou:

- Evite aranjman konpansasyon ki depase bon valè sou mache a.
- Deklare peman yo avèk presizyon bay otorite taks ki apwopriye yo.
- Depoze tout deklarasyon taks ak enfòmasyon annakò avèk lwa ki aplike pou sa.

## Aktivite Politiky

Antanke òganizasyon, lalwa mete limit nan aktivite politik Orlando Health.

### Antanke moun, nou:

- Ankouraje patisipe nan aktivite sivik ak politik pèsonèl pandan pwòp tan pa nou epi avèk pwòp frè pa nou.
- Pa sèvi avèk lajan oswa resous òganizasyon Orlando Health pou patisipe nan aktivite politik patizan (tankou tan travay, papye, anvlòp, tan travay sekretè, temm oswa telefòn).
- Pa chèche jwenn ranbousman nan men Orlando Health pou okenn kontribisyon pèsonèl nou fè òganizasyon oswa kanpay politik.
- Pa ofri okenn avantaj nan fason malonèt pou eseye fè enfiyans sou pwosesis desizyon òganis oswa fonksyonè gouvènman.
- Pa deklare ke Orlando Health andose oswa soutni yon pati politik, kandida, kanpay sou pwoblèm, lwa, oswa tèks lwa byen presi sòf si Depatman Afè Gouvènman ak Politik Piblik la apwouve sa.





## Angajman kont Monopòl

Objektif lwa kont Monopòl yo se pou kreye yon règ jwèt san paspouki nan mache a ak pou ankouraje konpetisyon ki jis. Nou respekte lwa kont monopòl aplikab yo ak lwa tankou yo ki kontwole konpetisyon. Nou pa diskite ni fè akò ak konkiran yo konsèna:

- Pri oswa lòt kondisyon pou lavant pwodui.
- Pri nou peye founisè oswa founisè swen yo.
- Divize kliyan oswa mache jeyografik.
- Aksyon ansanm pou bòykote oswa fòse sèten kliyan, oswa founisè swen.

Nou afilye ak anpil asosyasyon komèsyal ak pwofesyonèl. Afilyasyon sa yo favorize pataj enfòmasyon; men, li pa toujou bon pou pataje enfòmasyon biznis ak asosyasyon sa yo e manm asosyasyon yo.

- Nou òganize aktivite marketing ak piblisite pou fè edikasyon piblik la, bay kominate a enfòmasyon, ogmante konesans sèvis nou yo ak rekreite anplwaye.
- Nou prezante sèlman nan dokiman ak anons nou yo enfòmasyon ki vre, ki bay enfòmasyon itil epi ki pa twonpe moun.

## Pwoteje Anviwònman Nou

Orlando Health pran angajman pou l ofri yon anviwònman ki an sekirite pou tout moun ki antre nan etablisman nou yo, pou l bay manm ekip yo yon anviwònman travay ki san danje epi pou redui enpak nou sou anviwònman kote n ap sèvi yo. Pou akonpli sa, nou respekte lwa, règleman ak estanda ki etabli pou zafè sekirite, sante nan travay, sekirite lavi, anviwònmantal ak prevansyon enfeksyon.

- Nou konfòm avèk pratik sekirite ak sante nan travay, nou kenbe yon anviwònman travay ki san danje epi ki an sekirite epi nou respekte pratik prevansyon enfeksyon pou anpeche domaj.
- Nou respekte anviwònman an epi nou pwoteje resous natirèl yo.
- Nou aplike règleman ak pwosedi nou yo pou pwoteje anviwònman an epi nou sèvi ak bilding, pwopriyete, metòd, ekipman ak pwodui Orlando Health yo annakò avèk nòm federal, Eta ak akreditasyon.
- Nou respekte egzijans reglemantè ki otorize lage polyan an sekirite nan lè a, sistèm egou yo, dlo oswa tè.
- Nou respekte tout lwa ak règleman ki bay kontwòl pou manyen, estoke, itilize ak eliminate matyè danjere, dechè enfektye ak lòt polyan.

Nou chèche konsèy nan men Konfòmite ak Etik ak nan men Afè Legal lè nou gen anfas nou desizyon dafè ki gen ladan yon posiblite pou vyole lwa kont monopòl yo.

# Nou Pwoteje Enfòmasyon Delika

## Konfidansyalite Enfòmasyon sou Pasyan

Nou tout jwe yon wòl nan pwoteksyon konfidansyalite enfòmasyon sou pasyan yo. Pou anpeche divilgasyon san otorizasyon, nou pa ale nan enfòmasyon pasyan ni pataje yo avèk pèsonn, sof si gen yon bezwen legal pou konnen yo. Nou pwoteje enfòmasyon pasyan epi nou pwoteje konfidansyalite dosye medikal pasyan annakò avèk egzijans federal. Eta ak pou akreditasyon. Nou pa ale ak Enfòmasyon Medikal Pwoteje (PHI) lakay nou, ni nou pa transpòte PHI san apwobasyon davans ki soti nan administrasyon an.

Pou evite divilgasyon PHI bay moun ki pa gen otorizasyon, nou dwe pwoteje tout komunikasyon. Kèk egzanp nan komunikasyon yo gen ladan faks, imèl ak konvèrsasyon nan telefòn oswa nan zòn piblik.

## Sekirite Enfòmasyon

Sekirite enfòmasyon vle di pwoteje enfòmasyon elektwonik konfidansyal ak delika kont domaj, pèt, aksè san otorizasyon oswa modifikasyon san otorizasyon. Pou evite devwalman san otorizasyon, nou kenbe konfidansyalite, entegrite ak disponibilite tout kalite enfòmasyon, sa gen ladan, men se pa sa sèlman, komunikasyon imèl, done elektwonik pasyan, dosye pewòl, dosye pèsonèl, kòd aksè ak modpas. Nou pran prekosyon lè n ap louvri attachman ki nan imèl, lè n ap klike sou lyen, epi nou transfòme imèl yo an kòd lè n ap voye deyò enfòmasyon konfidansyal ak delika. Nou pwoteje tou kalifikasyon sistèm nou an.

**K** Mwen te resevwa yon imèl ki soti nan departman IT/CE ki mande pou m klike sou yon lyen pou valide kont mwen epi chanje modpas mwen. Èske mwen dwe klike sou li??

**R** Non, ou pa dwe janm klike sou yon lyen nan yon imèl pou chanje modpas ou oswa pou valide enfòmasyon. Orlando Health p ap janm mande w pou w fè sa. Pa reponn. Klike sou bouton Rapòte Fiching lan pou w rapòte li epi efase imèl la.



## PA GEN PWOBLÈM pou jwenn aksè nan dosye yon pasyan lè:

- N ap bay pasyan an swen medikal.
- N ap bay pasyan an sèvis anplis (pa egzanp, bòdwo, kodaj, planifikasyon oswa anrejistrement).

**K** Pandan woulman travay mwen yo kouri mennen kòlèg travay mwen nan Depatman Dijans. Èske mwen ka itilize yon sistèm dosye medikal elektwonik pou m wè nan ki chanm li ye, pou mwen ka pote flè pou li?

## Nou PA GEN DWA jwenn aksè nan dosye yon pasyan lè:

- N ap fè fouyapòt sou eta yon pasyan oswa sou kikote pasyan an ye.
- N ap tcheke eta yon manm fanmi, kòlèg travay oswa yon zanmi.

**K** Pandan woulman travay mwen jodi a, yo entène vwazen m nan sèvis mwen an. Èske mwen ka bay lòt vwazen nou yo enfòmasyon sou eta li?

**R** Non. Ou pa ka sèvi ak yon sistèm dosye medikal elektwonik pou w jwenn aksè nan dosye medikal yon kòlèg travay. Nan sitiyasyon sa a ou ka kontakte li dirèkteman oswa ou ka kontakte sèvis kliyan.

## Li apwopriye pou divilge dosye yon pasyan bay:

- Yon manm ekip k ap bay pasyan an swen (tretman).
- Konpayi asirans pasyan an pou resevwa peman pou swen yo ba li (peman).
- Yon Komite Egzamen Kalite oswa Komite Egzamen pa Kòlèg Orlando Health pou fè aktivite evalyasyon kalite ak amelyorasyon (operasyon).

**R** Non. Ou pa dwe janm devwale PHI bay okenn moun ki pa patisipe nan swen pasyan an oswa ki pa gen yon rezon biznis lejitim pou yo konnen.

**K** Yo te fè yon dyagnostik kansè pou mwen tou dènyèman epi mwen pa te pataje enfòmasyon sa a avèk okenn moun, men mwen krenn kòlèg travay mwen te jwenn aksè nan dosye m. Li sanble konnen anpil bagay sou dyagnostik mwen an. Kisa mwen dwe fè?

**R** Deklare enkyetid ou an bay Depatman Konfòmite ak Etik la. Pa fè pwòp ankèt pa ou.

## Rezo Sosyal

Medya sosyal ofri posiblite san parèy pou patisipe nan diskisyon entèaktif epi sèvi avèk divès kalite platfòm pou pataje enfòmasyon, tankou Facebook, LinkedIn, Twitter, YouTube, Instagram, Snapchat, Pinterest, blòg, fowòm ak kòmantè ki poste. Nou rekonèt tout enfòmasyon, kòmantè ak opinyon yo mete sou sit medya sosyal ak blòg yo ka fòme fason piblik la wè swen ak tretman nou bay pasyan yo, manm ekip nou yo ak founisè nou yo.

Pou asire itilizasyon komunikasyon sa yo sèvi bezwen antrepriz nou an nou pran angajman pou kenbe idantite, entegrite ak repitasyon Orlando Health nan yon fason ki annakò avèk estrateji antrepriz ak mak nou an.

Lè w ap patisipe nan medya sosyal, tanpri pa blyie:

- Li entèdi pou w poste kèlkeswa enfòmasyon konfidansyèl oswa pwopriyetè.
- Li entèdi pou w poste materyèl ki diskriminatwa, endesan, oswa ki nwi repitasyon, keseswa sjè a se òganizasyon an, manm ekip parèy ou, kòlèg, patnè biznis, konkiran oswa pasyan yo.
- Si ou mansyone Orlando Health, oswa koneksyon w avèk Orlando Health parèt aklè, ou dwe presize ke w ap pale sou pwòp non pa ou.

**Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa ak gid ki anplas, tanpri al gade nan politik antrepriz la.**

## Sekirite entènèt

Pou konbat menas sibèatak ki toujou ap ogmante, nou mentni yon pwogram sibèsekirite solid ak konplè ki gen ladan pwoteksyon teknologik, tankou kontwòl aksè, deteksyon, ak sistèm prevansyon; pwoteksyon administratif, ki gen ladan modpas solid ak politik sekirite; epi pwoteksyon fizik tankou zòn aksè fèmen epi ki kontwole ak badj. Nou edike itilizatè sistèm yo pou yo pran prekosyon lè y ap ouvri attachman imèl yo, lè y ap klike sou lyen ki nan imèl yo, epi nou fòme yo sou fason pou rekonèt epi rapòte imel ak aktivite enfòmatik ki sispek. Fòmasyon sa a ede Orlando Health minimize atak fiching ak lòt menas sibèsekirite, tankou lojisylèl malveyan ak ransomwè. Teknoloji sekirite solid nou yo, ansanm ak fòmasyon epi aplikasyon pi bon pratik sekirite yo, ede nou kontrekare sibèatak, minimize risk, epi pwoteje done konfidansyèl ak delika yo. Nou rete vijilan epi nou pran angajman pou pwoteje enfòmasyon elektwonik ak byen yo kont aksè, itilizasyon ak divilgasyon san otorizasyone.



## Afè Biblik e Relasyon ak Medya

Pou pwoteje konfidansyalite pasyan yo ak manm ekip yo, nou kowòdone tout demann ki soti nan medya yo pou entèvou ak manm ekip, manm pèsonèl medikal oswa anplwaye ke nou pase pa Afè Biblik e Relasyon ak Medya pou kontra sèvis yo.

Si nou resevwa yon demann ransèyman ki sot nan medya yo, sa gen ladan demann pou enfòmasyon sou eta yon pasyan, nou kontakte Afè Biblik Relasyon ak Medya touswit. Gen yon reprezantan Afè Biblik e Relasyon ak Medya desèvis ki disponib 24 èdtan pa jou, sèt jou sou sèt: **rele nan (321) 841-5111 epi mande pou Manadjè Afè Biblik e Relasyon ak medya ki desèvis la.**

## Enfòmasyon sou Manm Ekip ak Resous Imèn

Nou kenbe salè manm ekip, pewòl, avantaj, dosye disiplinè ak lòt enfòmasyon pèsonèl nan yon fason konfidansyèl. Nou aji avèk pridans ak jijman rezonab pou pwoteje divilgasyon enfòmasyon sa yo san nesesite.



## Enfòmasyon Pwopriyetè

Menm jan nou pwoteje enfòmasyon pasyan ak manm ekip yo, nou pwoteje tou enfòmasyon ki pwopriyete Orlando Health.

### Pakonsekan nou:

- Pwoteje teknoloji enfòmasyon ak enfòmasyon elektwonik pwopriyetè, epi nou pwoteje yo kont move aksè ak move itilizasyon.
- Siveye byen nou yo ak byen lòt moun bay Orlando Health responsab, tankou pwopriyete fizik ak entelektyèl, epi nou pwoteje enfòmasyon delika kont pèt, vòl oswa move itilizasyon.
- Sèvi ak pwopriyete Orlando Health nan yon fason apwopriye epi nou pran mezi pou anpeche tout pèt sanzatann nan ekipman, founiti, materyèl oswa sèvis.
- Respekte règleman ki anplas konsènan apwobasyon pou transfere byen ak done Orlando Health.

**K**

**Bofrè mwen vann ekipman medikal. Eske m gen otorizasyon di li konbyen Orlando Health peye pou pwodui menm jan dekwa pou li ka prepare yon òf pou eseye genyen?**

**R**

**Non. Dapre politik antrepris la, nou pa sèvi ak enfòmasyon Orlando Health pou benefis pèsonèl oswa pou biznis pèsonèl.**



## Pwopriyete Entelektyèl

Orlando Health respekte lwa konsènan pwopriyete entelektyèl, ki gen ladan patant, mak, marketing, dwadotè ak lojisyèl. Nou respekte lalwa nan tout aktivite entèn ak ekstèn nou yo.

### Pakonsekan, nou:

- Pa fè, jwenn, itilize, distribye oswa repwodui pwopriyete entelektyèl san pèmisyon apwopriye nan men titilè pwopriyete entelektyèl la.
- Respekte tout lwa sou dwadotè Ozetazini, menmsi travay la pa gen senbòl (copyright) dwadotè a.
- Pa repwodui kontni oswa dokiman pou distribye andeyò Orlando Health sof si nou gen pèmisyon ki apwopriye nan men direksyon an ak titilè dwadotè a.

## Manda pou Fouye, Sitasyon ak Enspeksyon ak Ankèt Gouvènman

- Orlando Health mete anplas règleman ak pwosedi pou ede nou jere manda pou fouye, sitasyon, enspeksyon ak ankèt gouvènman. Si nou resevwa yon demann, pa egzanp yon manda pou fouye, sitasyon oswa ankèt, n ap kontakte Jesyon Risk e Konfòmite ak Etik touswit pou konnen pwochen etap yo.



## Kenbe ak Detwi Dosye

Nou swiv gid ki anplas nan règleman ak pwosedi antrepriz la konsènan bon estokaj ak destriksyon dosye.

### Kèk nan gid sa yo sèke:

- Nou konsève tout dosye yo pandan delè obligatwa sou plan legal.
- Apre nou fin rive nan kantite tan ki egzije a, li empòtan pou detwi dosye yo alè epi nan yon fason ki apwopriye annakò avèk politik antrepriz la.
- Yo dwe eliminate dosye ki gen enfòmasyon sou pasyan, enfòmasyon finansye oswa lòt enfòmasyon konfidansyèl nan yon poubèl papye chire antrepriz la apwouve. Nan okenn sikorans yo pa dwe jete dokiman sa yo nan fatra.

## Konsèvasyon Dosye

Orlando Health pwodui yon gwo kantite dosye ak dokiman.

### Men kèk egzanp:

- |                         |  |
|-------------------------|--|
| ◦ Dosye medikal pasyan  | ◦ Prezantasyon                           |
| ◦ Dosye finansye        | ◦ Imaj dyagnostik, pa egzanp, Radyografi |
| ◦ Kominikasyon nan imèl | ◦ Dosye vital                            |
| ◦ Mesaj tranzitwa       | ◦ Dosye biznis konpayi an                |

## Nan pamì kèk règ nou swiv sou dokiman genyen:

- Nou pa defòme reyalite oswa fè fo dosye.
- Nou pa siyen non yon lòt moun sou okenn dokiman.
- Nou pa ekri nan dosye kòm yon lòt moun.
- Nou kreye sèlman dosye ki nesesè ak obligatwa.
- Nou bay dosye ak enfòmasyon sèlman a moun ki gen yon bezwen legal pou konnen yo.
- Nou pwoteje sekirite, konfidansyalite ak enfòmayon prive pasyan ak manm ekip.



# Nou Apresye Pratik Komèsyal ki Dwat

## Fwòd, Gaspiyaj ak Abi

Orlando Health adopte règleman ak pwosedi pou anpeche, detekte, dekoraje ak korije fwòd, gaspiyaj ak abi annakò ak lwa federal ak lwa Eta.

**Fwòd** se fè fo deklarasyon oswa defòmasyon gwo reyalite pou jwenn peman ke yon founisè pa gen dwa pou li resevwa. Yon egzanp fwòd se dokimante oswa faktire pou yon sèvis nan yon nivo konpleksite ki pi wo pase nivo sèvis yo te bay la.

**Gaspiyaj** se move jesyon, aksyon ki pa awopriye oswa yon sipèvizon ensifizan resous gouvenman an. Yon egzanp gaspiyaj se chaje pou yon sèvis ki pa te janm bay.

**Abi** se yon pratik ki dirèkteman oswa endirèkteman lakòz depans initil nan pwogram swen sante federal la. Yon egzanp abi se yon manm ekip ki pran yon woulo pansman vlope ace nan klozèt founiti nan travay la pou li kapab itilize yo lakay li.

Divès lwa federal ak lwa Eta, tankou Lwa Federal sou Fo Reklamasyon ak Lwa Florid sou Fo Reklamasyon, entèdi soumèt fo reklamasyon pou peman ak lòt aktivite fwòd. Vyolasyon lwa sa yo ka lakòz aksyon ak penalite sivil. Gen lòt lwa ak règleman anplas pou kontwole entegrite nan pwogram Medicare ak Medicaid pou diminye fwòd, gaspiyaj ak abi. Règleman nou yo, ki fèt pou anpeche fwòd, gaspiyaj ak abi, disponib anpasan pa SWIFT, ki entranèt Orlando Health lan.

Si nou konnen oswa sispèk aktivite konsa, nou deklare I touswit bay **Depatman Konfòmite ak Etik la**. Si nou pa fin sèten si yon aktivite se fwòd, nou kontakte Konfòmite ak Etik pou jwenn konsèy.

Moun ki rapòte legalman fo reklamasyon oswa lòt konpòtman fwòd, oswa ki ede nan yon lòt fason nan yon ankèt, aksyon oswa temwayaj, moun sa yo pwoteje kont vanjans dapre lwa federal ak lwa Eta, ak politik antrepriz la. Nou pa fè diskriminasyon ni vanjans kont nenpòt denonsyatè ki depoze, ak tout bònfwwa, yon aksyon sivil pou fo reklamasyon oswa ki patisipe nan yon ankèt Orlando Health.

**Nou byen kode reklamasyon yo epi voye bòdwo legalman ba gouvenman an, lòt antite k ap fè peman, epi pasyan yo.**

Lwa Federal sou Fo Reklamasyon deklare se yon krim lè nenpòt moun oswa òganizasyon fè espre kreye oswa depoze yon fo reklamasyon pou peman nan men gouvenman federal la.

Nou pran angajman respekte nèt kondisyon pwogram swen sante federal, ki gen ladan prepare ak soumèt reklamasyon egzat annakò avèk kondisyon sa yo. Metòd nou yo ede nou kontwole ak verifye ke reklamasyon yo kode ak soumèt avèk presizyon e kòmsadwa. Lwa ak règleman federal ak Eta estrik kontwole faktirasyon lòt pati deyò pou pasyan nou yo san asirans.

## Nou pa:

- Falsifye eleman ki gen rapò ak bòdwo pasyan.
- Chaje pasyan pou sèvis oswa founiti ki pa nesesè sou plan medikal, ni ki pa nan dokiman medikal.
- Défòme kòd yon dyagnostik oswa pwosedi pou jwenn yon peman ki pi gwo.
- Modifie oswa fòje chèk.
- Jere mal oswa mal rapòte tranzaksyon finansye.
- Défòme oswa modifie okenn dosye oswa rapò, pa egzanp yon aplikasyon travay, dosye pewòl oswa èdtan, kont depans, rapò pri, dosye medikal pasyan, dosye rechèch syantifik oswa dosye koleksyon done.
- Detwi okenn enfòmasyon ki konsidere kòm yon pati nan dosye medikal pasyan.

## Ankèt Entèn ak Demann Enfòmasyon

Nou byen mennen ankèt plop-plop sou tout rapò aktivite ilegal oswa vyolasyon Kòd Konduit ak politik antrepriz nou an. Nou kolabore nètalkole ak ankèt sa yo. Nou pa aji nan okenn fason pou anpeche, jennen oswa retade dekouvèt ak ankèt konplè sou zafè sa yo.

Menmsi n ap kolabore nèt ak tout ankèt, nou pwoteje kanmenm dwa legal Orlando Health ak manm ekip nou yo genyen.

## Konpòtman Kriminèl

Orlando Health pa tolere ni fèmen je sou aktivite kriminèl. Si nou sispek aktivite kriminèl ki posib, nou deklare l touswit bay **Resouzimèn nan** oswa **Depatman Konfòmite ak Etik la**.

Nou rapòte bay Sekirite Orlando Health oswa lapolis lokal ka aktivite kriminèl oswa ilegal ki reprezante bridzoukou yon risk pou sekirite nenpòt moun.

Nou konprann ke nenpòt manm ekip yo jwenn ki patisipe nan konpòtman kriminèl pral resevwa mezi disiplinè annakò avèk politik antrepriz la. Mezi disiplinè a pral koresponn ak enfraksyon ki komèt la, ki ka rive jouk nan revokasyon.

## Seleksyon Moun Ki Konsène

Nou pa fè espri fè kontra, anplwaye oswa chaje pou sèvis ki founi pa yon moun oswa yon antite yo eskli oswa ki pa kalifye pou patisipe nan pwogram swen sante federal, ki gen sispansyon oswa ki eksli nan kontra gouvènman federal, oswa ki te kondane pou yon zak kriminèl ki gen rapò ak founi pwodui oswa sèvis swen sante.

Dapre yon kalandriye ki tabli, Orlando Health konfime ke yo kontwole tout moun ki konsène k ap ranpli fonksyon oswa bay sèvis onon Orlando Health sou yon lis esklizyon gouvènman an pou asire nou pa anplwaye ni fè afè ak moun oswa antite ki eskli.

**K** Kimoun ki fè pati definisyon "moun ki konsène?"

**R** Moun ki konsène yo gen ladan, men se pa yo sèlman, anplwaye Orlando Health, manm konsèy oswa komite, manm pèsonèl medikal, founisè swen sante, volontè, etidyan, founisè, kontraktè endepandan ak moun ki fè afè onon òganizasyon an.



## Rekonpans Dafè

Yon rekonpans dafè se yon avantaj oswa benefis ekonomik yo bay yon moun oswa yon antite ki baze sou pozisyon yo oswa sou relasyon yo avèk Orlando Health. Pou anpeche patisipasyon nan rekonpans dafè, règleman nou yo gen ladan sa ki annapre la yo:

- Nou aksepte referans ak admisyon pasyan sèlman baze sou bezwen klinik pasyan an ak kapasite nou pou bay sèvis li bezwen yo.
- Nou pa mande ni nou pa aksepte yon bagay ki gen valè, dirèkteman oubyen endirèkteman, ann echanj pou referans pasyan.
- Nou pa peye ni nou pa ofri pou peye okenn moun — anplwaye, doktè oswa founisè — pou refere pasyan.
- Nou pa aksepte peman oswa kado pou referans ke Orlando Health fè.
- Nou pa bay rabè "koutwazi pwofesyonèl" pou manm pèsònèl medikal la oswa fanmi pa yo.
- Nou pa bay otorizasyon pou anile an pati oswa annantye frè lopital ke yon doktè afilye dwe.

**K** Mwen te jwenn yon règleman ki gen rapò ak kesyon mwen an, men mwen pa fin konnen si li annakò ak Kòd Konduit la. Kilès nan yomwen ta dwe swiv??

**K** Mwen pa ka jwenn yon règleman pou rezoud yon pwoblèm ki te soulve tou dènyèman nan sèvis mwen an. Ki lòt kote mwen ka chèche repons?

## R Kòd Konduit



## Konkiran ak Founisè

Manm ekip p ap travay, yo p ap aji kòm konsiltan ni yo p ap gen yon relasyon komèsyal endepandan avèk okenn nan vandè Orlando Health yo oswa lòt peyè pati deyò, sof si yo jwenn apwobasyon alavans nan men responsab anchè konfòmite ak etik la ak Kabinè Egzekitif la. Anplis, manm ekip direksyon ak egzekitif yo p ap travay, yo p ap aji kòm konsiltan ni yo p ap gen yon relasyon komèsyal endepandan avèk okenn antite ki founi byen oswa sèvis ki menm jan anpli ak sa Orlando Health founi oswa anvizaje mete disponib.

Manm ekip yo p ap envesti kay yon vandè, peyè, founisè swen, founisè oswa konkiran depase limit ki anplas nan politik antrepriz la sof si yo jwenn pèmisyon alekri anvansa nan men Kabinè Egzekitif la an pasan pa responsab anchè konfòmite ak etik la.

## Relasyon Finansye

Nou egzaminen avèk prekosyon relasyon finansye yo pou respekte Lwa Kont-Lajan anba (Anti-Kickback Statute) ak Lwa Stark.

Nou pa dwe eseye jwenn okenn avantaj ni ankouraje favè nan ofri oswa nan aksepte move peman, koutwazi dafè oswa lòt rekonpans. Nou pa ofri okenn move rekonpans oswa favè bay pasyan, founisè swen oswa lòt moun pou ankourage referans pasyan nan etablisman nou an oswa pou sèvi ak yon pwodui oubyen yon sèvis presizeman. Nou pa pral mande oswa aksepte kado ni favè ann echanj pou fè enflyans oswa pou bay asistans nan yon tranzaksyon lè n ap fè biznis ak yon moun oswa yon antite, sa gen ladan founisè yo ak pasyan yo.

Aranjman komèsyal avèk doktè yo dwe fèt dapre kontra alekri ki siyen e ki estriktire nan fason ki apwopriye pou respekte egzijans legal yo. Tout relasyon kontra epi tranzaksyon avèk doktè yo dwe egzaminen ak apwouve pa Afè Legal epi responsab Orlando Health apwopriye yo, ki ka gen ladan responsab nan operasyon, Maketing ak Kominikasyon, Konpansasyon Founisè ak Kontra epi Konfòmite ak Etik annakò avèk politik Orlando Health pou tranzaksyon doktè.

Tout manm ekip Orlando Health ki kominike avèk doktè, espesyalman sa yo ki nan yon pozisyon pou apwouve aranjman finansye avèk doktè oswa okipe de peman bay doktè, dwe okouran egzijans legal yo ak règleman Orlando Health ki abòde relasyon ant antite Orlando Health epi doktè yo.

## Kontra ak Relasyon Komèsyal

- Kontra yo dwe alekri epi yo dwe respekte politif otorite siyati Orlando Health.
- Tout negosyasyon kontra, kontra ak relasyon dafè dwe annakò avèk lwa, règleman, politik ak pwosedи yo.
- Responsab anchèf konfòmite ak etik la dwe egzaminen kontra yo jwenn ki gen posiblite konfli enterè ladan.
- Enfòmasyon sou aktivite komèsyal Orlando Health, ankontan estrateji, pri, depans, finans ak zafè menm jan, yo prive ak konfidansyèl.
- Orlando Health pa fè okenn akò ki yon refi pou trete ak yon lòt òganizasyon oswa ki ta kapab nwi aktivite Orlando Health oswa lòt òganizasyon an.

## Kado ak Koutwazi Dafè

Tout kado oswa koutwazi dafè (repa dafè ak divètisman komèsyal ladan tou) ke yo ofri, ke yo resevwa oswa ke yo fè echanj avèk antite ak moun ki pa nan Orlando Health dwe respekte egzijans ki anplas nan politik antrepriz la. Si nou pa fin sèten si règleman an entèdi yon òf oswa yon echanj presizeman, nou kontakte direksyon an e Konfòmite ak Etik pou jwenn plis konsèy.

### Nou pa:

- Mande kado.
- Pèmèt kado pou fè enflyans nan fason malonèt sou relasyon, rezulta komèsyal oswa desizyon k ap pran, osinon ankouraje bagay sa yo fèt.
- Sèvi ak kado yon fason pou pwovoke, asire jwenn, oswa rekonpanse pou referans yon pasyan oswa kòmann yon sèvis oubyen founiti.
- Bay oswa resevwa kado nan men pasyan, fanmi oswa reprezantan yo.
- Bay lajan kach oswa nenpòt ekivalan lajan kach (pa egzanp, chèk, kat kado, sètifikasi kado, bon (voucher), prè, envestisman stòk) a nenpòt pasyan oswa moun oubyen antite ki pa nan Orlando Health osinon resevwa bagay sa yo nan men yo.
- Pèmèt founisè peye depans pou vwayaj oswa lojman.

## ENPÒTAN!

Nou pa aksepte kado oswa koutwazi dafè okenn lè pandan aktivite negosyasyon oswa pandan tout dewoulman Demann pou Enfòmasyon/Demann pou Pwopozisyon ak yon antite ki ka vin founisè.

## Seleksyon Founisè ak Pwodui

### Nou:

- Sèvi avèk mezi ki jis, san patipri epi ki objektif pou chwazi founisè yo.
- Akòde tout founisè ki respekye nòm yo egalite chans pou prezante pwodui ak sèvis yo.
- Pa bay, ni nou pa resevwa okenn fòm peman, lajan anba oswa woulman pou pwovoke rekòmandasyon oswa acha okenn pwodui oubyen sèvis.
- Chwazi pwodui oswa sèvis ki reponn pi byen a bezwen pasyan nou yo ak Orlando Health pandan n ap kenbe angajman nou pou soutni divèsite founisè yo.

**K** Papa pasyan mwen an te ban m yon kat kado \$25. Èske mwen ka kenbe i?

**R** Non. Règleman Orlando Health entèdi pou manm ekip yo aksepte lajan kach ak ekivalan lajan kach. Si yon pasyan oswa yon lòt moun vle fè yon don oswa bay yon kado, refere li bay jesyon ak Orlando Health Foundation.

**K** Depatman mwen an ta renmen òganize yon fèt pou fendane. Èske se akzeptab?

**R** Wi. Manm ekip yo ka peye depans pou aktivite sosyal depi manm ekip yo p ap aji onon Orlando Health. Depans pou evènman sosyal prive sa yo pa kapab yon depans dafè pou zafè taks, epi manm ekip yo p ap chaje Orlando Health, ni yo p ap resevwa ranbousman nan yon lòt fason nan men Orlando Health pou kouvri depans sa a.

## Atelye, Seminè ak Seson Fòmasyon

Nou oblige jwenn apwobasyon direksyon an anvan nou aksepte òf yon vandè pou fè oswa pou finanse sesyon fòmasyon oswa klas pou konnen pwodui. Si yo envite nou patisipe nan yon konferans, seminè, atelye oswa lòt fonksyon tankou yo ke yon lòt pati deyò patwone, nou dwe mande apwobasyon direksyon an anvan. Apresa, direksyon an konsilte vis pwezidan ki responsab domèn nan lè y ap deside si yo dwe aksepte yon òf konsa.

**K** Yon konpayi aparèy medikal envite m pale nan yon konferans nasyonal sou yon pwodui Orlando Health ap itilize. Vandè a ofri pou peye frè konferans lan, vwayaj la ak lojman pandan twa jou. Èske sa akzeptab?

**R** Non. Règleman Orlando Health fikse machaswiv pou patisipasyon manm ekip nou yo.

- Manm ekip la pa kapab aksepte peman nan men vandè a pou tikè avyon li pou li ale nankonferans la.
- Manm ekip la pa kapab aksepte peman nan men vandè a pou frè otèl la.

## Konfli Enterè

Règleman antrepriz nou an presize nòm konduit Orlando Health atann pou sa ki konsène konfli enterè. Nou aji nan pi bon enterè Orlando Health epi nou fè travay nou san paspouki nèt.

Nan relasyon nou avèk òganizasyon an oswa onon òganizasyon an, nou respekte yon règ strik pou afè ki onèt ak jis epi nou konpòte tèt nou annakò ak lwa, règleman, politik ak kontra travay.

Nou pa sèvi ak pozisyon nou, ni konesans nou vin genyen grasa pozisyon nou, nan okenn fason ki kreye yon konfli ant enterè Orlando Health ak noumenm.

**K** Kisa mwen dwe fè si mwen wè yon posiblite konfli enterè oswa mwen gen yon kesyon sou konfli enterè?

**R** Pale avèk ekip administrasyon ou an, oswa kontakte Depatman Konfòmite ak Etik la pou jwenn èd.



Anjeneral, si sa apwouve, founisè yo gen otorizasyon peye frè enskripsyon yo sèlman.

### Men kèk egzanp posiblite konfli enterè:

- Relasyon sibaltèn dirèk ant manm fanmi.
- Itilizasyon pwopriyete, enfòmasyon oswa resous Orlando Health pou rezon ki pa pou Orlando Health.
- Pran travay oswa pozisyon deyò ki anpeche nou fè travay nou nan Orlando Health.
- Pran desizyon dafè ki ta kapab benefise fanmi oswa zanmi.
- Posede yon enterè finansye oswa pwopriyete nan yon antite ki nan konkirs ak Orlando Health.
- Genyen relasyon finansye ki ta sanble gen enfliyans sou endependans nan desizyon sou swen pasyan.
- Founi temwayaj, apwouve oswa fè pwomosyon pou yon vandè, peyè, founisè swen, pwodui oswa sèvis.

Yon konfli enterè vle di yon sitiyasyon kote konsiderasyon finansye oswa lòt konsiderasyon pèsonèl ka konpwomèt, oswa konpwomèt aparaman, kapasite yon moun pou li pran desizyon san paspouki nan akonplisman responsabilite travay moun nan.

# Pwotection Byen

## Rapò Finansye

Eta finansye yo ede nan jeson antrepriz epi yo enpòtan pou respekte obligasyon nou genyen anvè pasyan nou yo, manm ekip, founisè ak kreditè nou yo. Nou pran angajman pou founi eta finansye egzat paske yo enpòtan anpil pou nou konfòme nou ak egzijans taks ak rapò finansye.

### Sa vle di nou:

- Itilize prensip kontab yo rekonèt anjeneral pou kenbe ak rapòte eta finansye ki egzat.
- Kenbe yon sistèm pou kreye rapò finansye ki bay enfòmasyon ki alè, egzat ak konplè.
- Rapòte rapidman enkyetid konsènan kontablite, rapò finansye, itilizasyon byen ak kontwòl entèn bay responsab anchèf konfòmite ak etik la.
- Anrejistre tout tranzaksyon, peman ak resi alè, avèk presizon e nan yon fason ki regilye.
- Pa kreye fo antre oswa antre ki bay manti nan okenn dosye finansye.
- Pa pran okenn mezi pou fè enfliyans, fòse, manipile, twonpe oswa anpeche ak magouy okenn oditèk ap patisipe nan yon kontwòl kontab nan bi pou defòme sitiyasyon finans òganizasyon an.

## Itilizasyon Byen Konpayi an

Nou itilize byen konpayi an sèlman pou aktivite Orlando Health, e non pa pou pwofit oswa benefis pèsònèl.

### Men kèk egzanp byen konpayi an:

- |            |                 |  |
|------------|-----------------|--|
| ◦ Dirab    | ◦ Lajan         | ◦ Estrateji ak done komèsyal (finansye, pasyan oswa yon lòt bagay) |
| ◦ Envantè  | ◦ Lojisylè      |  |
| ◦ Materyèl | ◦ Tan manm ekip |  |

Si nou gen nenpòt kesyon sou fason pou sèvi ak byen konpayi an, nou dwe pale avèk manadjè nou toudabò. Si nou sisèk ak tout bònfwà nenpòt pèt, move itilizasyon, gaspiyaj oswa abi nan byen konpayi an, nou rapòte li bay Konfòmite ak Etik.



## Vwayaj ak Lwazi

Orlando Health finanse vwayaj, divètisman, ak depans ki gen rapò ak biznis annakò avèk règleman antrepriz la.

Vwayaj ak lwazi yo dwe koresponn ak responsabilite travay nou epi soutni enterè òganizasyon an. Nou sèvi ak jijman ki rezonab lè n ap itilize resous konpayi an pou finanse depans pou vwayaj ak lwazi. Nou pa mande pou Orlando Health ranbouse nou pou depans pèsònèl nou fè pandan vwayaj ak lwazi.



## **Kenbe Pi gwo Nòm Ekselans Etik**

Si w gen nenpòt kesyon konsènan Kòd Konduit la, tanpri kontakte

Konfòmite ak Etik:

**(321) 841-2335**

R-Compliance&EthicsDepartment@OrlandoHealth.com

Kontakte Liy Dirèk konfidansyèl pou Konfòmite a pou fè rapò nan  
fason anonim pou nenpòt enkyetid pou konfòmite:

**(888) 464-6747**

[OrlandoHealth.EthicsPoint.com](http://OrlandoHealth.EthicsPoint.com)

konekte ak sante



1414 Kuhl Ave.  
Orlando, FL 32806  
**(321) 841-5111**

**ORLANDO HEALTH®**

[OrlandoHealth.com](http://OrlandoHealth.com)